

Enstriksyon kijan pou pran echantiyon dlo



Laboratwa anviwònman Depatman Sanitè Florida (FDOH) nan West Palm Beach se yon laboratwa mikwobyolojik ki Sètifye pou teste dlo. Anplwaye nou ki byen antrene pou sa ap analize echantiyon dlo yo pou wè si yo pa kontamine ak bakteri, kolifòm total epi Echericha Koli (E. Coli) nan echantiyon dlo potab yo, epi antewokoksi (enterococci) nan echantiyon dlo ki pa dlo potab yo.

Sitwayen nan sektè prive a ki swete bay teste dlo yo pou kontaminasyon ak bakteri, yap ba yo yon boutèy esteril pou pran echantiyon epi enstriksyon kijan pou pran echantiyon an. Frè pou analiz dlo potab la se 30 dola pou chak echantiyon, epi pou analiz dlo ki pa dlo potab se 50 dola pou chak echantiyon. Yo dwe peye frè a lè yo vin cheche boutèy echantiyon an nan laboratwa a.



Enstriksyon jeneral

- Rezidan oubyen vizitè pou analize yo dwe kolekte nan boutèy ki trase ke laboratwa FDOH bay epi ki prezève ak sodyòm tyosilfat (0.008 pousan $\text{Na}_2\text{S}_2\text{O}_3$) pou deklòre echantiyon an.
- Pou pran echantiyon dlo pou analize pou wè si li genyen konfòm, se pèmi an oubyen otorite minisipal ki deziye ki kote pou pran echantiyon an. Referans DEP-SOP-001/1 (FT 2000 & FS2300) sou kijan pou mezire klò rezidyèl sou teren.
- Avan ou pran echantiyon, tcheke kondisyon anviwònman yo, li pa rekòmande pou pran echantiyon pandan gwo lapli, ti seren lapli, oubyen gwo van.
- Ou dwe pran echantiyon dlo a epi pote li nan laboratwa a pou teste nan menm jou a.
- Laboratwa Anviwònman sanitè FDOH la ap resevwa echantiyon dlo yo West Palm Beach sèlman **Lendi jiska Jedi de 8:00 AM jiska 4:00 PM**. Yo pap resevwa echantiyon jou vandredi.
- Koleksyon echantiyon yo pou analiz mikwobyolojik dwe fèt nan boutèy plastik ki pwòp, esteril ke laboratwa FDOH la bay.
- Teknik pou kolekte echantiyon an dwe kòrèk yon fason pou kenbe echantiyon an jan ou te kolekte li a.
- Manipile echantiyon yo yon fason ki pa kòrèk kapab koz erè nan rezilta nenpòt analiz laboratwa.
- Planifye pou kolekte yon echantiyon dlo ki menm ak dlo ou vle teste a.
- Si pa egzanp wap teste dlo nan sistèm distribisyon an, pa pran echantiyon an nan yon wòbinè ki konekte ak yon ekipman sistèm dlo prive tankou yon aparèy pou adousi dlo oubyen filtè dlo yo.
- Epi tou, evite wòbinè ke deyò yo kapab kontamine si yo two prè fon lavabo oubyen two prè atè a.
- Chwazi yon wòbinè dlo ki konekte ak yon tiyo prensipal (sa vle di se pa chwazi yon tiyo ki konekte ak yon sitèn oubyen yon tank estokaj dlo).
- Pa pran echantiyon an nan yon wòbinè kap koule dlo e ki pèmèt dlo koule sou kò wòbinè a.
- Yo dwe pote echantiyon yo nan laboratwa menm jou nou pran echantiyon an a tou glase nan yon tèmòs ki gen glas oubyen pakè ki kenbe fre.



Dokimasyon

Echantiyon an dwe akonpanye ak fòmilè enfòmasyon konplè e presi (chèn ki pèmèt ou retrase) e ki ap genyen enfòmasyon sa yo, si yo aplikab: non system nan oubyen sit la; tip echantiyon an; kote yo pran echantiyon an (lokalizasyon); dat, lè epi kontak moun ki kolekte echantiyon an.

1. Boutèy ki gen echantiyon an dwe make avek makè ki paka efase pou kapab idantifye li.

Kite boutèy la fèmen jiska lè ou pral kolekte echantiyon an.



2. Si pèmi an oubyen otorite minisipal la pat presize sa, chwazi yon kote ki aksesib touprè liy alimantasyon an oubyen, si se yon kay prive, chwazi yon wobinè ki deyò.



3. Retire nenpòt bagay ki vise nan wobinè a (tankou filtè, aeratè, aparèy pou kontwòl dlo, oubyen paswa) kote wap pran echantiyon an, paske yo kapab kache bakteri ki pa reflekte kalite dlo ki soti nan sous la.




4. Ouvri wobinè dlo frèt la konplètman epi kite dlo a vide pandan yon bon ti tan dekwa pou jete dlo ki nan tiyo a (2 ou 3 minit).

5. Redwi kous dlo a pou boutèy la ka ranpli san dlo a pa gaye sou li.

6. Retire ti plastic ki sele bouch boutèy la nèt, debouche boutèy la epi pa mete l chita sou okenn sifas (pa touche arebò bouch boutèy la; andedan bouchon an osinon andedan bouyèy la).

7. Kolekte echantiyon dlo a pandan ke ou kenbe boutèy la anba dlo ki ap vide avèk anpil prekosyon.

8. Ranpli boutèy la jiska liy ki make 100 mL la. Laboratwa a pap aksepte echantiyon ki pi piti pase 100 mL. flow.



9. Pa ranpli boutèy la depase oubyen pa rense boutèy echantiyon an, sa ap lakoz prezèvatif ki ladan l nan gaspiye, e nou pap ka garanti validite echantiyon an.

10. Retounen vise bouchon an byen di epi panche boutèy la plizyèfwa pou kapab melanje prezèvatif la avèk echantiyon dlo a.

11. Mete boutèy ki gen echantiyon dlo a nan yon tèmòs, yon veso oubyen nan yon sachè plastik ki genyen glas oubyen pakè jèl ki fre jiska 4 degre santigrad. Fèatansyon pou dlo glas ki fonn yo pa monte pi wo pase boutèy ki gen echantiyon yo.

12. Si ou pap pote echantiyon an nan laboratwa imedyatman, echantiyon an dwe konsève fre depi kote ou pran li an epi pandan transpòtasyon an. Ou dwe pran echantiyon dlo a epi pote li nan laboratwa pou li teste nan menm jou a.

13. Mete boutèy ki gen echantiyon dlo a nan yon tèmòs, yon veso oubyen nan yon sachè plastik ki genyen glas oubyen pakè jèl ki fre jiska 4 degre santigrad. Fèatansyon pou dlo glas ki fonn yo pa monte pi wo pase boutèy ki gen echantiyon yo.

14. Transpòte echantiyon dlo yo nan laboratwa a tou nan glas.

